

Pa Prezidan  
Thomas S. Monson



# Responsablite nou pote sekou

**P**ou Sen Dènye Jou yo, bezwen pou pote sekou bay frè nou ak sè nou yo ki, pou yon rezon kèl-konk, egare soti nan chemen aktivite nan legliz la gen siyifikasyon etènèl. Èske nou konnen kèk moun konsa, ki te anbrase levanjil la yon fwa deja? Si wi, ki responsablite nou genyen pou pote yo sekou?

Panse avèk moun ki pèdi yo nan pami moun aje yo, vèv yo, ak malad yo. Twò souvan nou jwenn yo nan dezè arid ak dezole izolasyon yo rele solitud la. Lè jèn yo fin ale, lè sante bese, lè vigè febli, lè limyè lespwa bese anpil, yo kapab resevwa sekou ak soutyen nan men moun ki ap ede ak kè ki konnen sa k rele konpasyon.

Natirèlman, gen lòt moun ki bezwen sekou tou. Gen moun k ap lite anba peche pandan ke gen lòt k ap ere nan laperèz oswa endiferans oswa inyorans. Pou kèlkeswa rezon an, yo izole tèt yo de aktivite nan Legliz la. Epi se sèten y ap prèske rete pèdi si andedan nou menm—manm aktif yo nan legliz la—pa gen yon dezi ki reveye andedan nou pou pote yo sekou ak pou sove yo.

## Yon moun pou n montre chemen an

Sa pa gen lontan, m te resevwa yon lèt ki te ekri pa yon mesye ki te kite legliz la. Li reprezante anpil nan nou menm, manm yo. Lè l te fin dekri kijan li te fè vin inaktif la, li te ekri:

“M te gen sitèlman anpil e kounyeya mwen prèske pa gen anyen. Mwen malere e m santi kòm si m ap

echwe nan tout bagay. Levanjil la pa janm kite kè mwen, menmsi li kite lavi mwen. M ap mande pou nou priye pou mwen.

“Tanpri pa bliye nou menm ki deyò yo isit la—Sen Dènye Jou ki pèdi yo. Mwen konnen ki kote legliz la ye, men pafwa, m panse m bezwen yon lòt moun pou montre m chemen an, pou ankouraje mwen, pou retire krent mwen, ak rann mwen temwayaj.”

Pandan m t ap li lèt sa a, m te panse ak yon vizit m te fè nan youn nan gwo mize atistik yo nan mond lan—Mize Atistik renome Victoria ak Albert la nan Londres, an Angletè. Nan kote sa a, ankadre byen bèl, gen yon tablo ki te penn an 1831 pa Joseph Mallord William Turner. Tablo a montre gwo nyaj tou nwa ak vyolans yon lanmè ajite ki anonse danje ak lanmò. Yon limyè ki soti nan yon bato ki echwe ap briye byen lwen. Nan premye plan, gen yon gwo bato sovtaj, k ap souke byen fò anba vag dlo dechennen. Mesye yo ap rale ak tout fòs sou ràn yo pandan bato sovtaj la ap plonje nan tanpèt la. Bò rivaj la, gen yon madanm ak de pitit ki kanpe, mouye anba lapli, ak van k ap frape yo. Y ap gade lanmè a avèk enkyetid. Nan lespri pa m, mwen abreje non tablo sa a. Pou mwen menm li te vin tounen *Pote sekou*<sup>1</sup>

Nan mitan difikilte lavi yo, gen danje ki tou pre. Gason ak fi, tigason ak tifi, twouve yo bloke e yo anfas destriksyon. Kiyès ki pral gide bato sovtaj la, pou pati

kite konfò lakay yo ak fanmi yo, pou al pote yo sekou?

Tach nou an pa enposib. Se nan travay Senyè a nou ye; nou gen dwa ak èd li.

Pandan ministè Mèt la, li te aple pechè pwason nan Galile yo pou yo te kite filè yo pou yo te vin suiv li, li te deklare yo: “M ap fè nou tounen pechè moun pito.”<sup>2</sup> Se pou nou rantre nan ran pechè gason ak pechè fi sa yo, pou nou ka pote kèlkeswa sa nou kapab la pou yo.

Devwa nou se lonje lamèn pou nou pote sekou bay moun ki ale kite sekirite aktivite yo, pou nou kapab mennen yo vin sou tab Senyè a pou fè festen avèk li, pou jwi konpayi Lespri li, epi pou yo “pa etranje ankò, ni moun ki depasaj, men pou yo se sitwayen avèk sen yo, moun kay Bondye.”<sup>3</sup>

### Prensip lanmou an

Mwen twouve ke gen de rezon fondamantal ki grandman jistifye ke yon moun retounen aktif ak pou chanje atitud, abiman, ak aksyon. Premyèman, moun yo retounen paske yon moun montre yo posiblité etènèl yo e ede yo deside pou yo atenn posiblité sa yo. Moun inaktif yo pa kapab kontante yo avèk medyokrite ankò lè yo fin wè ke ekselans alapòte yo.

Dezyèmman, gen lòt moun ki retounen paske kèk fanmi oswa “zanmi pami sen yo” suiv konsèy Sovè a, pou renmen pwochen yo tankou tèt pa yo a,<sup>4</sup> epi yo ede lòt moun akonpli rèv ak anbisyon yo fè yo vin reyalize yo.

Sa ki te pouse yo nan pwosesis sa a sete—e sa ap toujou rete—prensip lanmou an.

Nan yon sans trè reyèl, moun sa yo ki bloke nan lanmè ajite tanpèt ki nan tablo Turner la menmjan avèk manm inaktif nou yo ki ap tann moun k ap gide bato sovtaj la vin pote yo sekou. Kèk nan yo anvi jwenn èd. Manman ak papa ap priye pou pitit gason yo ak pitit fi yo. Madanm ap sipliyè syèl la pou mari yo ka santi yo atenn. Pafwa timoun ap priye pou paran yo.

Priyè mwen se pou nou gen yon dezi pou pote sekou bay inaktif yo pou mennen yo retounen vin nan lajwa levanjil Jezikri a, pou yo ka pataje, avèk nou, tout sa nou gen pou n ofri nan asosyasyon nou avèk yo.

Se pou nou lonje lamèn pou pote sekou bay moun ki santi yo pèdi ki antoure nou yo: granmoun, vèv, moun malad, moun ki andikape, inaktif, ak moun ki pap respekte kòmandman yo. Se pou nou lonje ba yo yon men

k ap ede ak yon kè ki konnen sa k rele konpasyon. Si nou fè sa, n ap pote lajwa nan kè yo, e n ap vin aprann bèl satisfaksyon ki genyen nan youn ede lòt toutolon chemen ki mennen nan lavi etènèl la.

### NÒT

1. Tit tablo a se *Life-Boat and Manby Apparatus Going Off to a Stranded Vessel Making Signal (Blue Lights) of Distress*.
2. Matye 4:19.
3. Efezyen 2:19.
4. Gade Matye 22:39.

## ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Panse pou mande moun w ap vizite yo si yo konnen yon moun ki ap lite pou vini legliz la. Ou gen dwa chwazi yon moun e diskite sou fason pou montre lanmou, tankou envite li pou l patisipe nan yon sware famiyal oubyen pou vin manje avèk ou.

## JÈN YO

### Kado Jen nan

Pa Josi S. Kilpack

**M**wen te fè yon seri move chwa nan dezyèm ane m nan lekòl segondè. Chwa sa yo te mennen konsèkans grav ak mizè, e m te deside pou m te itilize vakans ete a pou m te kòmanse fè kèk chanjman. Lè lekòl te rekòmanse, mwen te konn manje nan yon twalèt oswa nan koulwa vid pou m te ka evite move relasyon ki t ap tann pou akeyi m ankò yo.

Mwen pa t janm santi m poukont mwen.

Bondye te ba n m yon kado: Li te voye Jen ban mwen. Jen pa t janm jije m pou erè m yo men li te toujou ankouraje m pou m kontinye avanse nan bon direksyon. Lefèt ke m te konnen li te la nan lekòl la te ede m kontinye li ekriti yo ak nouri temwayaj mwen. Rive nan lè pou nou te gradye, mwen te vin pwouve tèt mwen ke m te pran angajman pou m te chanje.

Pafwa m konn mande tèt mwen ki kote m t ap ye jodia si Jen pa t lonje lamèn ban mwen. Èske m t ap rete kole nan prensip mwen yo san li menm? Erezman, mwen pap janm konnen paske li te la avèk tout kè li, pare e dispoze pou te ede mwen.

*Otè a ap viv nan Uta, nan Etazini.*

### Fason pou nou pote sekou

**P**rezidan Thomas S. Monson anseye ke nou dwe lonje lamèn bay lòt moun, enkli granmou yo, vè yo, moun ki malad yo, inaktif yo, ak moun ki bezwen ekstra èd. Panse ak moun ou konnen ki ta ka bezwen kèk sèvis.

Ekri oubyen desine ide sou fason ou ka ede kèk nan moun sa yo. Ou gen dwa mande paran ou pou ede w panse ak kèk ide e apresya chwazi youn pou w eseye semèn sa a.



Lafwa, Fanmi, Sekou

# Misyon divin Jezikri: Kreyatè

*Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi, si sa apwopriye, diskite li avèk sè w ap vizite yo. Itilize kesyon pou ede ou fòtifye sè w ap vizite yo epi fè Sosyete Sekou vin yon pati aktif nan pwòp lavi pa ou. Pou plis enfòmasyon, ale nan [reliefsociety.lds.org](http://reliefsociety.lds.org).*

**S**a se premye a nan yon seri Mesaj Vizit nan Fwaye k ap montre aspè sou misyon Sovè a.

Jezikri te “kreye syèl yo ak tè a” (3 Nefi 9:15). Li te fè sa pa pouvwa prèttriz la, sou direksyon Papa nou ki nan Syèl la (gade Moyiz 1:33).

Prezidan Thomas S. Monson di: “Ala nou dwe rekonesan dèske yon Kreyatè plen sajès te prepare yon tè epi l te mete nou ladan . . . pou nou kapab pase yon tan mizalèprè, pou nou gen posiblite pou nou fè prè nou pou nou ka kalifye pou n resevwa tout sa Bondye prepare pou nou.”<sup>1</sup> Lè nou itilize libabit nou pou nou obeyi kòmandman Bondye yo epi nou repanti, nou vin diy pou n retounen al viv avèk li.

Konsènan Kreyasyon an, Prezidan Dieter F. Uchtdorf, Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan, te di:

“Nou se rezon ki fè L kreye inivè a! . . .

“Sa se yon mistè pou lòm: konpare avèk Bondye, lòm pa anyen; men nou se tout bagay pou Bondye.”<sup>2</sup> Lè nou konnen ke Jezikri te

kreye tè a pou nou paske nou re-prezante tout bagay pou Papa nou ki nan syèl la, sa kapab ede nou ogmante lanmou nou pou yo.

## Nan Ekriti yo

Jan 1:3; Ebre 1:1–2; Mozya 3:8; Moyiz 1:30–33, 35–39; Abraram 3:24–25

## Nan Istwa Nou

Nou kreye dapre imaj Bondye (gade Moyiz 2:26–27), epi nou gen potansyèl divin. Pwofèt Joseph Smith te konseye sè yo nan Sosyete Sekou a pou yo “viv alawotè privilèj [yo].”<sup>3</sup> Avèk ankourajman sa a kòm yon fondasyon, yo anseye sè yo nan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo pou yo viv alawotè potansyèl divin yo nan akonpli objektif Bondye genyen pou yo. “Lè yo vin konprann kiyès yo reyèlman ye—pitit fi Bondye, ki gen yon kapasite andedan yo pou renmen ak nourri—yo atenn potansyèl yo kòm fi ki sen.”<sup>4</sup>

Pwofèt Joseph Smith di: “Kou-nyeya nou plase nan yon sitiyasyon kote nou ka aji selon santiman sa yo

Bondye plante andedan nou yo.” “Si nou viv selon prensip sa yo ala sa ap gran ak gloriye!—si nou viv selon privilèj nou, yo pap ka anpeche zanj yo vin asosye avèk nou.”<sup>5</sup>

## NÒT

1. Thomas S. Monson, “The Race of Life,” *Liahona*, Me 2012, 91.
2. Dieter F. Uchtdorf, “You Matter to Him,” *Liahona*, Nov. 2011, 20.
3. Joseph Fielding Smith, nan *Filles dans mon royaume: L'histoire et l'oeuvre de la Société de Secours* (2011), 171.
4. *Filles dans mon royaume*, 171.
5. Joseph Smith, nan *Filles dans mon royaume*, 169.

## Kisa M Ka Fè?

1. Nan ki fason chèche konprann nati divin nou ogmante lanmou nou pou Sovè a?
2. Nan ki fason nou ka montre rekonesans nou pou kreyasyon Bondye yo?